АССАЛАМУ ГIАЛАЙКУМ!

# ЦОЛЪИ

Шамил районалъул газета

Газета бахъизе байбихьана 1931 соналъул маялда

№21 (10015)

РУЗМАН

27 май 2022 сон

26 ШАВВАЛ 1443 СОН

Газета къватIибе уна моцIида жаниб 4 нухалъ

Багьа эркенаб

■ ТАДБИРАЛ

## Багъужа ГIунжолов ракIалдещвеялъе

**Дагъистаналъул Верховный судалъул судья ГIунжолов Багъужа МухIамадович ракIалдещвеялъе тадбир тIобитIана 22 маялъ ХIебда МахIмутI ГьитIиновасул цIаралда бугеб паркалда.**



1«Ниж терроралде данде руго»-ян абураб ахIиялда гъоркь 10-11 классалъул цIалдохъабазда гьоркьор тIоритIана рекерулеб биатлоналъул ва тIадагьаб атлетикаялъул къецал. Гьеб гIуцIун букIана райадминистрациялъул ва АТКялъул аппаратalъул нухмалъиялда гъоркь.

Тадбиралъул официалияб бутIа рагьана районалъул бетIер МухIамад ХIасановас. Хадубккун, гьеб нухда бачана МачIадаса Ибрагьим ХIажиевас.

Тадбиралда гIахьаллъи гьабизе ахIарал гьалбазда гъорлъ рукIана ЧIарада районалъул прокурор Запир МухIамадов, ЛъаратIа районалъул прокурор ГIумарасхIаб Рамазанов, Шамил районалъул судалъул председатель, федералияв судья МухIамад ХIайбулаев, мунагьал чураяв Багъужал васал федералияв судья, юридическиял гIелмабазул кандидат, профессор МухIамад ГIонжолов ва районалъул прокурорасул заместитель ХIусейн ГIонжолов. Гьединго паркалда данделъун рукIана сахаб гIумруялде ва спорталде гъираги рокьиги бугел районцоял, районалъул нухмалъулел, мугIалимзаби ва цIалдохъаби.

ЦIакъ хинал рагIабаздалъун ракIалде щвезавуна кIалъалез Багъужа ГIунжоловасул гIумрудул нухал, хIалтIулъ гьесул букIараб жавабчилъиги ритIухълъиги.

- ГIемерал наслабазе ва жиндирго пишацоязе мисалияблъун букIана Багъужал гIумру, - ян абуна М.ХIасановас жиндирго кIалъаялда.

(Ахир 2-леб гьум.)

■ ЛЪАЙКЬЕЯЛЪУЛ БУТIА

## Ахирисеб цIурмил кIочонареб сас

**Ахирисеб цIумур - школлъималазул цIали лъугIиялъул берцинаб байрам, санаца халатбахъараб цIалул марафоналъул ахирияб тIанкI.**

Май моцIалъул ахиралда, киса-кибего гIадин, нилъер районалдаги тIобитIана ахирисеб цIурмил байрам.

Гьаб соналъ ХIебда ва МачIада гьоркьохъел школазда, ОГЭ ва ЕГЭязде школалъул кабинетал хIадуризе кколел рукIиналъ, ахирисеб цIумур лъималазе кьабуна гIадатияб гуреб хIалалъ -19 маялъго. ХутIарал районалъул 27 школалда рохалилаб байрамияб линейка гьабун, выпускникалгун къо-мех лъикI гьабуна 21-абилеб маялъ. Киналго школазда гьаруна райадминистрациялъул ва лъайкьеялъул отделалъул вакилзаби гIахьаллъарал байрамиял линейкаби ва рекIелгъеялъул тадбирал.

ТIолго ХIебда росдада рагIиледухъ тIобитIана школалъул азбаралда ахирисеб цIурмил байрам. Берцинго къачIараб азбар, жеги берцинал выпускникалги кIудияб горсвери гьабун жанир рачун рукIана тадбиралъул гьалбаз, мугIалимзабаз, школлъималаз, улбуз, ва байрамалъухъ балагьизе щвараз. Лъималазул рукIарал берцинал церерахъиназ, мугIалимзабаз гьарурал къо-лъикI гьабиялъул рекIелъе рортарал кIалъаяз асар гьабичIев чиго хутIичIо.

ЦIали лъугIи школлъималазда баркизе ХIебда школалъул байрамияб тадбиралде щвана районалъул бетIерасул заместитель ГIабдуразакъ Рамазанов, райсобраниялъул председатель МухIамадамин Хизроев, ХIебда росдал бетIер МухIамад АхIмадов, школалъул коллектив, лъайкьеялъул отделалъул вакилзаби ва цогидал гьалбалги.

Районадминистрациялъул рахъалдасан ГI.Рамазановас бай-




рам баркулеб кIалъай гьабуна къуна лъималазе цадахъго баркала къуна лъималазе ва мугIалимзабазе цIалулъ ва хIалтIулъ гьабураб жигарчилъиялъухъ, къурал лъикIал хIасилазухъ.

Гьединго баркиялъулаб каламгун ва выпускниказе насихIатгун кIалъазе рахъана МухIамадамин Хизроев, ХIебда школалъул директор ГIали ЖабрагIилов, лъайкьеялъул отделалъул методист ПатIимат Хизроева, ХIебда ясли-ахалъул нухмалъулей, районалъул руччабазул Советалъул председатель Умакусум ГIалибегова ва цогидал.

ГIаммгьабун нилъер районалъул школаз исана къватIире риччана 364 выпускник, гьезда гьоркьоса 106 руго 11 класс лъугIарал ва 258 выпускник 9 класс лъугIарал.

Араб 2021-22 цIалул соналъ нилъер районалъул школаз рихьизарурал лъикIал хIасилал, муниципалиял, регионалиял ва ТIолгороссиялъул конкурсазда росарал бергьенлъиялъул ва призалъулал бакIазул баян къун букIана нижеца цересел номеразда, гьел баяназул ахирисеб бутIа къезе буго хадусеб номералда. ГIаммгьабун росани, гьел киналго бергьенлъаби руго нилъер цIалдохъабазул ва мугIалимзабазул хIалтIул лъикIаб хIасил.

**ПатIимат ЖАМАЛУДИНОВА**

■ НИЛЪЕР БАХIАРЗАЛ

## МухIамадов Шамил Исрапилович



Цоги нилъер районцояв, Украиналда Россиялъ гьабулеб бугеб спецоперациялъул гIахьалчи, 41 сон барав, Гъooриса Шамил МухIамадов нилъедаса ватIалъанилан къваридаб хабар бачIана гьал къояз.

МухIамадов Шамил Исрапилович ккола Ростовалда букIараб 150-абилеб мотострелковияб дивизиялъул, 102 полкалъул, 3-абилеб мотострелковияб батальоналъул взводалъул командир, старший лейтенант.

МухIамадов Шамил Исрапилович гьавуна Буйнакск шагьаралда 1981 соналъ. Буйнакскиялъул №4 школаги лъугIун, цIализе лъугьана ДГПУялде. Гьениб рагъулаб кафедра лъугIизабун, щвана офицерасул звание. ЦIали лъугIигун контрактги хъван хъулухъалде лъугьана, хIалтIана чанго батIиял регионазда, рагъулал ишал тIуразе витIун вукIана Сириялдеги.

Украиналъул ракьалда спецоперация байбихьарал тIоцересел къояздасаго цебесеб къерда гьениб гIахьаллъи гьабулев вукIана Шамил МухIамадов. 21 маялъ иргадулаб тIадкъай тIубазабизе, Камышеваха абураб поселокалда гъоркьчIел гьабизе аралъув, взводгун цадахъ цевехун иналде, цебе хIинкъи бугищали хал гьабизе живго ун вуго. ЦIехрех гьабизе взводалъул командир цеве иналдалъун, цадахъ рукIарал чIаго хутIана, амма жиндирго щварал захIматал ругъназ, къадаралде щун вуго.

Старший лейтенант Шамил МухIамадов хун хадув пачалихъияб шапакъаталъе вихьизавун вуго. 24 маялъ гьев вукъана жиндирго гIагараб Гъooриб росулъ.

ВатIан цIуниялъе гIумру кьолел районалъул гIолилал нилъер чIухIилъун хутIила кидаго. Гьел къурбанлъиялъул хабар кигIан нилъее захIматаб бугониги, гьелъ нугIлъи гьабула нилъер васазул жидерго ракьалде бугеб рокьиялъул, гьезул патриотикияб рахьалъул щулалъиялъул. Алжан насибал ратаги.

**Районалъул администрация ва редакция**

■ БАРКИ

**Хириял выпускникал, умумул ва мугIалимзаби, цIалул сон лъугIиялъул байрам баркула нужеда!**

ГIемерисел выпускниказ цереккунго ургъун тIаса бищун батила гIумруялъул пишамахщелалъул суал. Дун божула хадубккуниселда, шагьаралда цIали лъугIигун нуж нужерго районалде руссине рукIиналда ва нилъерго ракьалъе мунпагIаталда, район цебетIеялъе хIалтIизе рукIиналда. Нужер бажари, махщел ва гьунар хIажат руго нилъер районалъе.

Хирияв выпускникал, школа тун къватIире ингун, кIочон тезе биччаге санаца тIезе биччачIеб нужер гьудуллъиялъул ва цоцазе хIалай ратиялъул. Нужее лъайги, тарбияги къурал, нуж гIезаруларго саналги сахлъиги къурал мугIалимзабазе ва умумузе баркала гIумруялъго цадахъ босе!

ХIурматиял мугIалимзабазе ва умумузе баркала буго гьадинал лъимал гIезаруралъухъ. Гьарула лъикIал хIасилазда ЕГЭ ва ОГЭ къезе. Нухал ритIайги нилъер гIолилазе!

**Районалъул бетIер МухIамад ХIАСАНОВ**

■ АВТОРАСУЛ БОКIОН

Давуд ДАВУДОВ

Имам Шамил:

## “Бищунго щулияб къвакIи буго ВатIан бокьи”

Санайил, лъагIалида жаниб кIиго нухалъ нилъер улкаялда тIобитIула гIолилал рагъулаб хъулухъалде ахIиялъул кампания. Улкаялъул Конституциялда рекъон, 18ялдаса 27 сон базегIан ругел гIолилазул тIадаб налъи буго армиялде ине. Исанасеб ихдалил ахIи байбихьана 1 апрелалда ва 15 июлалде щвезегIан халат бахъуна. Хасалил ахIи тIобитIизе буго 1 октябралдаса 31 декабралде щвезегIан.

Щибаб регионалдаго гIадин Дагъистаналдасаги тIадаб налъи тIубазабулезул мухъилъе ахIулезе чIезабун букIуна хасаб къадар. Исанасеб ихдалил ахIиялда рекъон, армиялде ритIизе руго 3000ялде гIунтIун гIолилав, гьездаса 60 гIолохъанчи нилъер районалдасаги. Жакъасеб къоялде военкоматалъул учеталда руго 1150 армиялде ритIизе бегьулел гIолилал. Армиялде ритIула тIоцебесеб иргаялда 2004-1995 соназ гьарурал гIолилал.

Дагъистаниял киданиги рагъулаб хъулухъалдаса нахъе къан чIечIо. Тарихалдаго дагъистаниял кидаго рукIана бахIарчиял рагъухъабилъун ва махщалилал бодул церехъабилъун. Гьездаса цоявлъун вуго дунялалдаго цIар рагIарав Имам Шамиль. Гьес абун буго: «Бищунго щулияб къвакIи буго-ВатIан бокьи»-ян. Хасго гьел рагIабазул магIнавияб кIвар цIикIкIун буго жакъа дунялалда ругел лъугьа-бахъиназул гьоркьоблъиялда. ВатIаналдехун бугеб рокьи цIикIкIиналъул хIасиллъун буго тIолго пачалихъалъул киналго рагъулал аскаразул тайпабазда аза-азар дагъистанияз тIадаб налъи тIубан хадуб, тIадеги контрактазда рекъон хъулухъ гьабулеб букIин. Украиналда тIобитIулеб хасаб рагъулаб операциялдаги дагъистаниял руго цебесеб кьерда. Дагъистаниязул хIинкъи-къай гьечIолъи бихьула гьезие кьолел бахIарчиял шапакъатаздаса. ТункIил гуллица тIаса рищуларо рагъухъаби. Гьелъ кколел руго нилъер гIолилазул камиялги.

Рагъулаб хъулухъ гьаби ва тIадаб налъи тIубай цого жо кколаро. Гьеб бичIчIунгутIиялъ бижулеб буго улбузул рахIатхвейги. Армиялде налъи тIубазе ахIуларо цереса цере ратаралцинал. ТIоцебесеб иргаялда, 18-27 соназулъ ругел гIолилал ахIула Дагъистаналъул бетIерасул хIукмуялдалъун гIуцIараб, рагъулаб комиссариаталъул хасаб комиссиялде. Бищунго цебе хал гьабула призывниказул сахлъиялъул. КIвар кьола гьезул бугеб лъаялъе, спортивияб рахъалъул цебетIеялъе, рагъулаб ишалде кущан рукIиналъе. Щивав призывникасда законалда рекъон тIадаб буго лъагIалида жаниб кIиго нухалъ военкоматалде ине. ЦIалулел ратаниги, цIали лъугIарал ратаниги, ригьин-цIа гьабурал, хIалтIуде лъугьарал ратаниги, гьез жидерго хиса-басиязул баянал кьезе ккола. Жакъасеб улбузул ва гIолилазул рахIатхвей бичIчIун улкаялъул Президент В.Путиница, оборонаялъул министр С.Шойгуца ва бакIалъул рагъулал комиссариатаз якъинго лъазабуна тIадаб налъи тIубазе ахIулел гIолилал Украинаялъул лъугьа-бахъиназда гIахьаллъизе гьечIеблъи. Гьеб буюрухъ тIубазабиялда хадуб хал кквезе буго прокуратураялъ, солдатазул улбузул комитетаз, жамгIиял гIуцIабаз.

Исанасеб призывалъул хIалтIи нахъе ккун буго нилъер районалда. ГIемерлъун буго ахIиялда рекъон, военкоматалде щвечIезул къадар. Гьезул сияхIал ритIун руго росабазул бегавулзабазухъе ва жанисел ишазул министерстволде. АхIараб къоялде военкоматалде рачIинчIезе букIуна тамихIги. Гьединазда тIад гьабула уголовнияб дело ва кIиго лъагIел кьун туснахъалъул тамихIалдеги цIан, хадуса хъулухъ гьабизе ритIула. Гьеб гIумруялъго чIегIераб тIанкI лъураб рогьо росабазул жамагIатазе ва районалъе. ГIилла гьечIого тIадаб налъи тIубаялдаса рахчиялдаса, цо лъагIелалъ тIадаб борч тIубай лъикIаб буго. РФялъул буго яргъил къуват, амма техникаялда хадуб бербалагьизе солдат гьечIого гьеб релълъуна кьаву чIварал консервазда.

Нилъ руго КIудияб БергьенлъиялъулIрсилал. Жакъа иргадулаб налъи тIубалезул кьердаса нахъе къан чIани, метер нилъер наслабаз мерхьуна дагъистанияз абадиялдаго кор боркьарал рагъазда бихьизабураб хIинкъи гьечIолъи, бахIарчилъи ва бихьинчилъи.

■ ТАДБИРАЛ

# Багъужа ГIунжолов ракIалдещвеялъе

(Байбихьи 1-себ гьум.)




МачIадаса ГIунжолов Багъужа МухIамадович вукIана РФялъул мустахIикъав юрист, III-леб классалъул Пачалихъалъул юстициялъул советник, ДРялъул Верховный судья, мисалияв инсан, ритIухълъиялъул ва гIадиллъиялъул цевехъан. Гьеб тадбиралъе кьураб цIарги цIакъ рекъонккараб буго, щайгурелъул Дагъистаналда бищун хIалуцарал 90-лел саназ гьесда тIад букIана кIудияб жавабчилъи. Дагъистаналда террористаз гьарурал бищун вахIшиял терактазул ва чIвай-хъвевзул судалъул заседаниял рачана гьес.

ГьитIинаб къоялдасаго, нахъа эменги гьечIого, жиндирго гIумрудул нух жиндирго бажариялдалъун ва кIваралдалъун гьес гIуцIараб букIин бицана Ибрагьим ХIажиевас. Гьединалго гьваридал ва лъикIал кIалъаяздалъун ракIалде щвезавуна цIар рагIарав судья данделъараз.

Тадбир берцин гьабуна гьитIинабго музыкалияб программаялъги. Кьурдул сверигун церерахъана ХIебда искусствоялъул школалъул гьитIинал гьунарчагIи, Багъужаде гьабураб кечI ахIана Раисат МухIамадовалъ, гьединго, жидерго кучIдул сайгъат гьаруна данделъаразе ХIабиб Хириясулаевас ва цогидаз.

Тадбиралъул официалияб



бутIаялдаса хадуб къецазул бетIерав судья, ДРялъул мустахIикъав мугIалим А.ЧIегIеровасе кьуна рагIи спортивиял къецал нухда рачине.

Биатлоналъул ва ГТОялъул хIалуцарал къецазда гIахьаллъи гьабуна 16 цIалдохъанас.

ТIоцебесеб иргаялда ГТОялъул тIадагьаб атлетикаялъул ункъго тайпаялда тIоритIана къецал.

Гьелда гъорлъ рукIана гIебеде кIанцIи, турникалда цIай, къаркъала борхи ва граната рехи. ЛъикIаб хIадурлъи ва бажари бихьизабуна гIолилаз гьел къецазда. Щибаб тайпаялда кьуна призалъулал шапакъатал.

Къецазул кIиабилеб бутIаялъун букIараб рекериялъул биатлоналда тIоцебесеб бакI босана Бакълъухъа МухIамад Муслимовас, кIиабилеб бакI ккуна Гьандихъа ГIабдурахIманхIажи ГIисаевас, лъабабилеб бакIалде вачIана ХIотодаса Муса ХIажиев.

Киналго бергьенлъиялъул бакIал росарал цIалдохъабазе кьуна кубокал, медалал ва гIарцулал шапакъатал. Гьединго, баркалаялъул кагътал кьуна спортсменал хIадурарал мугIалимзабазе ва тренеразе.

Киналго гIахьалчагIи ва гьалбал разияб тадбир лъугьана гьеб. КIудияб баркала загьир гьабулеб букIана гьез табдир гIуцIаразе.

Унголъунги гIун бачIунеб гIелалъе ритIухълъиялъул дарслъун ва мисаллъун, гьел сахаб гIумруялде куцалеб тадбир лъугьун бачIинеб буго Б.ГIунжоловасул цIаралда санайил тIобитIулеб турнир.




ТI. МУХIАМАДОВ

■ ТУРИЗМ

# Туризмалъул объектазда хIалтIаби гьаруна

**12 марталдаса 5 июналде щвезегIан Дагъистаналъул туризмалъул объектазда униб буго экологикияб тадбиразул цикл-«Эко-тур». Гьеб акциялда рекъон, нилъер районалда 21 маялъ тIобитIана субботник ва рищни-къулалдаса тIабигIат бацIцIад гьабиялъул командабазул къецал.**



Тадбиразул аслияб мурадлъун буго туристазул чвахи цIикIкIаралщинал бакIазда рацIцIаракъалъи гьаби ва гьутIби чIей.

«Эко-тур»алъул пайда цIикIарал тадбирал гьаруна нилъер районалъул бищун гIемер туристал щолеб Датуна бугеб насраниязул килисаялда, басриял Гьоориб ва КъахIиб росабалъ. ГIемер бакIаризе ккараб хIал гьениб гьечIониги, дагьабго рацIцIа-ракъалъиги гьабун, данделъаразе гьел объектазул тарихиял баянал кьуна райадминистрациялъул туризмалъул специалист Юсуф МухIамадовас.

Субботникалда гIахьаллъана 150ялдасаги цIикIкIун чи. Гьезда гьоркьор рукIана волонтерал, школлъимал, студентал, районалъул гIолилал-жигарчагIи, ДРялъул туризмалъул министерстволъул нухмалъулел ва районалъул туризмалъул ва гIолилазул отделалъул вакилзаби.

Табдирал гIуцIараллъун ккола ДРялъул туризмалъул ва халкъиял художественниял ишазул министерство ва цадахъго гIолилазул ишазул министерство, тIабигIаталъул ва экологиялъул министерство, рохьил магIишаталъул комитет ва муниципалиял гIуцIабазул администрацияби.

П.ЖАМАЛУДИНОВА

■ ГIИ-БОЦIИ ХЬИХЬИЯЛЪУЛ ТIАЛАБАЛ

# Бруцеллезалдаса цIодорлъи гъабе

**Инсанасулъ бруцеллез унти чIезабуна 1887 соналъ Мальта чIинкIиллъиялда. Гъеб унти баккана тIоцебе цIаназдасан. Унтана солдатал.**

Бруцеллез унти рикIкIуна инсанасе хIинкъи цIикIкIарал унтабаздасан цояблъун. Гъеб инсанасде бахуна унтараб хIайваналдасан, хIайваналъул нигIматаздасан. Бруцеллезалъ унтула чIегIербоцIи, гIи – цIани, чуял, гIалхул хIайванал. Унтараб хIайван рохьдолъ яги рехъалъ бугони, гъеб бахуна цогидал хIайваназдеги. Аслияб къагIидаялъ гъеб бахуна бече, кьегIер тIамун хадуб бачIунеб лъамалъиялдасан, рахьдадасан, хIанидасан, кIварщ – гъизалдасан. Аслияб къагIидаялъ гIемер унтула чIахIияб боцIи.

Микроб бахиналъул хIинкъи букIуна тIинчI тIамун хадуб 60 къоялдасанги. Ракьулъ микроб цIунула 150 къоялде щвезегIан, рахьдалъ 7-8 къоялъ, нису – хIанилъ 40-45 къоялъ. Бищунго хIикматаб жо бруцеллезалъул микроб цIороялдасан хIинкъуларо. 60 градус багIариялъ чIвала 30 минуталдасан. Унтараб хIайваналъул гIакдал гьвариялда жаниб бруцеллезалъул микроб хутIула 7-9 соналъги, чахъу-цIеялъул 2-3 соналъ ва бачIуна рахьдада цадахъ.

Бруцеллез унтиялъул тIаде балагьун лъалел загьириял гIаламатал рукIунаро. БукIине бегьула тIинчI тIами, гьебги гIемер букIунаро.

Бруцеллезалъ унтула инсанги. Бруцеллез чорхолъ бессани, (хроническая форма) гьеб сах гьабизе кIоларо. Рес буго гIумруялъ инвалидлъун хутIизе.

Бруцеллезалъ инсанасул рищалаби унтула, цIа-кан бахинабула, гIетI базабула, свакала, хIалтIи гьабун бажаруларо. Медицинаялъ чIезабун буго бруцеллезалъ унтаразул лъимер щвечIого хутIизе рес букIин. Унтула ракI, тIул.

Бруцеллез унти тIатинабула боцIудаса би бахъиялдалъун. Гьединаб хIинкъи цIикIкIараб унти бугониги, цо-цо гIи- боцIул бетIергьабазда, ветеринариял хIалтIухъаби жидер боцIудаса би бахъизе рачIиндал, гьезда бичIчIизабизе захIмалъула. Гьезда бичIчIулеб гьечIо гьеб ветеринарияв хIалтIухъанасе гуреб, жидер хъизан – лъимализул сахлъи цIуниялъе гIоло гьабулеб хIалтIи букIин. ЧIегIерхIайваналдаса би бахъи бигьаяб хIалтIи гьечIо, гIезегIанго хIинкъи бугеб хIалтIи буго.

Би бахъизе гьукъи гьеб гIакълу гуро, гьеб буго бичIчIунгутIи заралалъул.

Унтараб хIайван, лемаг, минаялъуб, рохьдолъ, рехъалъ бугони, гьеб бахуна сахаздеги, гьеб хIайваналъул бетIергьанасе, мадугьаласе, жамагIаталъе буго зарал. Жиндир унтараб хIайваналъ цойгидазе гьабулеб 40 – 50 азарго гъурщил заралги, гьелъул мунагьги бичIчIизе ккела. Ветеринариял хIалтIухъабаз щибаб соналъ январь моцIалдасан байбихьун, бахъула чIегIербоцIудаса би. Араб 2021 соналъ бахъун буго 25 азаргоялдасан цIикIкIун хIайваналъул би, 13 азаргогIанасеб лемаг – цIаназдасаги. Гьеб буго кIудияб хIалтIи.

Гьеб гьедин бахъиялъе гIиллаги буго ДагъистаналдагI, нилъер районалда сверухъ ругел районаздаги, бруцеллезалъ унтараб боцIи гIемерлъулеб букIин. Унти батулеб буго нилъер районалъул росабалъги. Унти баккулеб буго цереккун анцI – анцI соназ унти букIинчIел росабалъ. Мисалалъе, къелдерил участкаялда. Щибаб соналъ захIматаб, цIикIкIараб хIалтIи гьабуниги, районалъул цо – цо росабалъа бруцеллез лъугIизабизе кIолеб гьечIо. Гьелъие гIиллалъунги дица рикIкIуна къватIисан, ай Дагъистаналъул цогидал районаздасан, гIи – боцIул базараздасан бичун боцIи боси, жанибе бачIунеб боцIул хIисаб – суал лъалеб гьечIо, бетIергьабаз я росдал администрациялда, яги ветеринариял хIалтIухъабазухъ хъвай-хъвагIай гьабулеб гьечIо. Риидал жамагIаталъул ракьалде бачIунеб буго унтараб гIи – боцIи цогидал районазе мухьдахъ ракьалги ричун. Росдал бегавуласе ракь бичун щолеб гIарацалдасан, жиндир жамагIаталъул гIи – боцIулги, жамагIаталъул сахлъиги цебе букIине ккела. Цин ракьал ричилалде, мугIрузде бачIунеб росдал гIи – боцIи унтабаздасан бацIцIадаб бугищали ветеринарияб управлениялда цIехезе ккела.



ГIезегIанго хIужжаби ккана, руго, мугIрузде бачIараб цогидазул гIи – боцIудаса раккарал батIи – батIиял унтабазул.

ЖамагIаталъги тIалаб гьабизе ккела жидерго ракьалъул, жидерго рохьдолъе, рехъалъе кисан, кинаб боцIи бачIунеб бугебали.

Ветеринариял хIалтIухъабазе гьабулеб хIалтIуе кумек гьабизе тIадаб буго росдал администрациялдаги.

ЖамагIаталъулги букIине ккела тадбир, росдал гIи – боцIи унтабаздасан цIуниялъе гьабулеб.

Бруцеллезалъ унтараб хIайван гьукъизе ккела рохьдолъе, лъетIе, гIалахалде. ХIайван хьихьизе ккола жаниб тун. Унтараб хIайван цо моцIрол болжалалда хъун тIаса гьабизе ккола. Ветеринарияв врачас бихьизабураб заманалда унтараб хIайван тIаса гьабичIони, ихтияр буго чIахIиял гIарцулал штрафал къотIизе боцIул бетIергьабазда, росдал администрациялда. Цого боцIудаса би бахъи гуребги, нижер руго гIи – боцIуда жегиги гьаризе кколел гIемерал хIалтIаби.

Росабалъ ахирисел соназ раккулел руго цереккун нилъер районалда рукIинчIел батIи – батIиял рахунел оспа, лептоспироз, пастереллез абулел унтаби. Ветуправлениялъ щибаб росдал администрациялъе бугеб гIибоцIул къадаралда рекъон гIуцIула лъагIалил план, щибаб унтиги бихьизабун.

Нижеца гьабулеб хIалтIул мурад ккола гIи – боцIи унтабаздасан цIуни, нилъер район рахунел унтабаздасан цIуни, гьел унтаби гьукъизе гьарулел хIалтIаби, вакцинаби. Нилъеца кванлеб гIи – боцIул нигIмат хIинкъи гьечIеб букIин, боцIул бетIергьабазе кколеб зарал гьукъи ва цогидалги. Жакъа магIарухъ гIумру гьабулезе бечелъи буго гIи – боцIи, гьелъул нигIматал.

ХIукуматалъ кьун харж – мухьгун гьеб бечелъи цIунизе тун руго ниж, ветхIалтIухъаби. Нижее хIажат буго росдал администрациялъулги, жалго гIи – боцIул бетIергьабазулги кумек, гьабулеб хIалтIуе.

Кколел руго гIемерал дандечIеял унтараб боцIи жиндир заманалда тIаса гьабуларого. Рахунел унтабазде данде вакцина гьабуларо, боцIи гьабизе щоларо. ЖамагIаталда цадахъ вакцинаги гьабичIого, магIардеги араб, боцIиги унтизе байбихьараб заманалда вакцина гьечIого хутIизе рес буго. Вакцинаби кидаго гIураб къадаралда рукIунаро районалдаги, Дагъистаналдаги, гьезие бихьизабураб къадарги заманги букIуна, МахIачхъалаялда гьечIони, гьел щоларо.

Гьединлъидал, гьари буго росабазул администрациялъул бутIрузе, гIи – боцIул бетIергьабазде, СПКялъул, КФХялъул нухмалъулезде, нижер хIалтIухъабазул мурадги бичIчIун, кумек гьабеян. Квалквал гьабиялъ букIине бегьула цого жиндиего бетIергьанасе гуребги, росдалго гIи – боцIиялъе зарал ккарабги.

Унеб буго тIад бан би бахъи, сибиралъул язваялде, талаву (эмкар) унтабазде данде гьабулеб хIалтIи. 1 марталда ругел баянazда рекъон, 10 азаргоялдасан цIикIкIун хIайваналдасан би бахъун буго.

Хасалил заман, щивасул азбар, мархьо – кули, хIисаб гьабе кигIан захIмат бихьун гьабулеб бугеб хIалтIи. Росаби гIемер руго, хIалтIухъаби гIолел гьечIо, гIунгутIаби камуларо, конторалда чIун гьабулеб хIалтIи гьечIелъул. Нижги ричIчIизе ккела. Нижеца, ветеринариял хIалтIухъабаз кидаго хIаракат бахъула гIадамал – жамагIат разияб къагIидаялда хIалтIи бачине, жамагIат кинабго рази гьабигьеб лъугьина захIматаб иш бугониги.

Нижер мурад- инсанасул бечелъи, сахлъи цIуни.

# Оспаялдаса цIуне

**Гьал ахирисел соназда Дагъистаналда киса-кибего цIикIкIунеб буго гIи – цIани оспа абулеб унтиялъ унти. 2019-2020 сanазде щвезегIан гьеб унти цIакъ къанагIат гурони букIинчIо Дагъистаналда. Бицунеб буго унти Дагъистаналде цогидал регионаздасан бачIанилан.**

Оспа ккола вирусалъулаб унти. Гьелдалъун, гьеб хехго тIибитIула ва хехго цоцазде бахуна. ГIиял рехъалъе унтараб бетIер кканиги, гьебги гIола кинабго рехъен унтиялъеги.

Оспаялъул вирус холаро цIорораб заманаялъги. Гьеб цIунун хутIула 2 соналдасаги цIикIкIун заманаялъ.

Унти баккараб гIиял минакъайиялда (бокьахъ) вирус хутIула 6 моцIалъги, квасулъ цIунула 2 моцIалдаса цIикIкIун. ГIи- цIани кваналеб мегIер- гIалахалда холаро 2-3 моцIалъги.

Унтула кьегIер, чахъу, куй батIалъи гьечIого. ТIинчI унтула захIматго. Унти багъарун хадуб ккола гIи – цIаназул цIикIкIараб тIаса ин.

Оспаялъул рукIуна лъалел, рихьулел унтул гIаламатал. Амма гьел загьирлъула чорхолъе вирус ккун 15 къоялдасан.

ТIоцересел гIаламатаздасан ккола лемагалъул берал багIарлъи, гьорой. Бераздасан, къалазухъан къватIибе чвахула лъамалъи. Унтараб бегахъдула, гIиязда хадуб билълъанхъи дагьлъула, захIмалъула. Кванде гьира хола. ЦIа-кан бахуна 41-42 градусалде.



2-3 къоялде кIутIбузда, бетIералда, квас дагьаб бакIалде рехула (раккула) багIарал тIанкIал, гьалил мугь гIадал. Гьел чIахIалъула, жаниб лъамалъи ккола ва 2-3 къоялдасан ругънал лъугьуна.

Унти захIматаб бугони,гьелъ тIубараб черхго бацула. Ругънал лъугьараб тIом, гьан туризе байбихьула. Унтараб хIайван сахлъизабизе захIмалъула ва цIикIкIараб тIаса ин ккола, хасго кьегIер. Унтаралъул гьан кванaзе гьукъула. Хвараб лемаг ракьулъ букъула ва бухIула. Гьедин гьабичIони, унти лъугIизабизе захIмалъула ва хадусел соназги баккула.

Унти тIатарабго гьеб лъазабизе ккола ветеринарияв хIалтIухъанасда, унтаразе дару гьабизе. Жалго гIибоцIул бетIергьаби телефоналдасан унтиги чIезабун, дараби гьаризе лъугьине бегьуларо. Гьеб ккола хехго тIибитIулеб унти, гьелъие лъезе ккола карантин, нилъеца цогидазеги зарал ккезе бегьула. Жиндир заманалда лъазе гьабуни, дару- дарманалъул кумек щвани, рес буго тIаса ин гьукъизе. Гьанже цоцо гIи- боцIул бетIергьабазул гIадат лъугьун буго жинца лъихъеялиго ахIана, интернеталде балагьана абун цIодорхине лъугьун. Гьеб мекъаб буго. Цо гьабураб уколалъ гьеб унти сахлъуларо. Гьелъие, оспаялъе хIажалъула 3 батIияб цадахъаб лечение. Ветеринарияв врач гьелъие, унти сах гьабизе тарал хIалтIухъаби руго. АхIизе, бицине ккола районалъул, жидер росулъ хIалтIи гьабулел хIалтIухъабазда кIванагIан хехго. Кумек щолеб гьечIони, ахIе районалъул ветеринарияб управлениялде.

Росулел гIи- цIани росе балагьун, гьикъун. Нилъеда сверухъ ругел районалъул росабалъги букIана гIиязда оспа. ЦIодорлъи гьабе.

Ветеринарияб управлениялъул нухмалъулев,
ветеринариял гIелмабазул кандидат,
КъурбангIали
**КЪУРБАНМУХIАМАДОВ**

■ БАРКАЛАЯЛЪУЛ КАГЪАТ

# ЖамагІаталъул ахІиялде кІвар бугев бетІер

**Районцоязул къваригІел тІубай, росабалъ гІумру лъикІлъизаби, жамагІаталъе санагІалъаби гьари ва росаби къачІай руго нилъер районалъул бетІер МухІамад ХІасановас хІалтІулъ церелъурал цІакъ лъикІал масъалабилъун.**

КъваригІелалъ жиндихъего щварал районцоязул МухІамад ХІасановас мурадал тІураялъул нижеда цебеккунги рагІун букІана, гьединлъидал, нижерго Микьигьориб росдал жамагІаталъе гІумру-яшавалъе бигьалъаби ва санагІалъаби щвеялда хьулгун, ниж тІаде чагІи къабул гьарулеб арбагІ къоялъ щвана районалъул бетІерасухъе. МухІамад ХІасанов гІенеккана нижее кІвар бугелщинал суалазухъ ва жамагІаталъул гьари къабул гьабун, киналъего кумек гьабизе рагІи кьуна.

ГьанжелъизегІан гьоркьохъеб школа гьечІого, ТІогьохъ школалде хьвадизе кколел рукІана нижер лъимал, амбулатория ва тохтирал гьечІолъиялъ, букІинчІо медицинаялъулаб пункт, нухал рукІана чара гьечІого къачІазе, ясли-ах къваригІун букІана. Гьеб киналъего квербакъи щвана районалъул бетІерасдасан ва къокъаб заманалда жаниб гьел кІвар цІикІкІарал ишазе кьучІ лъун, хІалтІаби байбихьун руго. Гьединго, байбихьи лъолеб буго гІун бачІунеб гІел сахаб гІумруялде, спорталде руссине ва гІолилазе рекІелгъеялъе футболалъе майдан базе.



Жинда бараб щибго течІого, районалъул жамагІат рази гьабизе мурадалда кІвахІ ва хІалхьи тун хІалтІулев, росабалъе сапарал гьарун, жамагІаталъе бугеб гІузру цІехон, гьеб тІагІинабизе хІаракат бахъулев МухІамад ХІасановасе нижер рахъалдаса буго ракІ-ракІалъулаб баркала. Гьедин халкъалъул тІалабазда эхетизе сахлъиги гІумруги гьарула дуе, МухІамад Ибрагьимович!

**Микьигьориб росдал жамагІат**

■ РОСАБАЗУЛ ГІУМРУ

# Дандеруссин гІемерлъанагІан жамагІат цолъула



**Щибаб санайил Къелеб тІоритІулел байрамазул цояблъун ккола 23 февраль, кІалбиччанкъоялдаса хадуб мажлис, гьединго, 9 маялъул торгІо хІаялъул турнир.**

Исана 23 февралалъ росдал гІолохъабаз гьабулеб дандеруссин нахъ бахъизе ккун букІана къварилъи ккеялда бан. Гьединго нахъ бахъун букІана 9 маялъул торгІо хІайги.

Дандекъан гьел тадбирал тІоритІана 14-15 маялъ. ТІоцебесеб къоялъ 25 соналъ школалъе нухмалъи гьабурав Ахкубеков МухІамад ХІажиевичасул призалъе гІоло хІалеб турнир. Гьениб гІахьаллъи гьабуна сверухъ ругел росабалъа командабазги.

Гьединго, хадусеб къоялъ тІабигІаталдеги рахъун, росдал гІолилазда гьоркьор гьаруна батІи-батІиял хІаял. ХІаял гурелги, гьениб букІана жидерго кьибил-тухумалъул наслаби чан кьералъ лъалеб ва умумуз хІалтІизарулел рукІарал алатазда цІаралги, сунде щиб хІалтІизабулеб букІараб лъаялъул цІех-рех гьаби.

АхІулел мавлидал, вагІзаби, гьединго, гьоркьо-гьоркьоб бачунеб тІармил гьаракьалъ сверухълъиго асир гьабун букІана гьеб къоялъ.

КІиябго къоялъ гьарурал тадбиразулъ спонсорлъи гьабуна Ругъелда администрациялъ ва МухІамад Ахкубековасул васас.

МагІарухълъи чІунтизе биччачІого, чІаголъизабиялъул мисаллъун руго къелдерил тадбирал.

**М.ГЬИТІИНАМУХІАМАДОВА**

■ СПОРТ




# Россиялъул чемпион

**Араб анкьалъ Рязаналда тІобитІана Рязаналъул Кремлиялъул кубокалъе гІоло ТІолгороссиялъул тхэквандоялъул къецал. Гьениб гІахьаллъи гьабуна Дагъистаналъул тхэквондоялъулазги.**

ТІоцебесеб бакІалде вачІана 82 кг цІайиялда Шамил районалъул Къелеса ГІумаров МухІамадрасул. Чанго сон буго гьесул гьеб тайпаялда цеве вахъунаго. Гьев ккола Европаялъул призерги, араб соналъ Нальчикалда Эльбрусалъул кубокалъе гІоло къецазул чемпионги.

МухІамадрасул цІалулев вуго педуниверситеталъул физкультураялъул факультеталда. Гьесул тренер ккола машгьурав спортсмен Асадула МухІамадов. МухІамадрасул жеги гІолохъанго вуго, божула хаду-хадурги гьес ватІанцоял рохизаризе рукІиналда.

**Сайпула ГЬИТІИНАМУХІАМАДОВ**

■ ОБЪЯВЛЕНИЕ

## Об участии в проекте по капитальному ремонту детских садов

В 2022 году в Республике Дагестан стартует реализация Республиканского проекта по капитальному ремонту детских садов.

Цель проекта – улучшение состояния материально-технической базы дошкольных образовательных организаций и сокращение количества дошкольных образовательных организаций, размещенных в ветхих зданиях и зданиях, требующих капитального ремонта.

Порядок проведения конкурсного отбора проекта утвержден постановлением Правительства Республики Дагестан от 8 апреля 2022 года № 81 «О реализации на территории Республики Дагестан проектов инициатив муниципальных образований Республики Дагестан, направленных на осуществление капитального ремонта дошкольных образовательных организаций».

Муниципальное казенное дошкольное образовательное учреждение «Ругельдинский детский сад» принимает участие в ПРОЕКТЕ по капитальному ремонту ДЕТСКИХ САДОВ», для осуществления капитального ремонта дошкольного образовательного учреждения и получения субсидии на их реализацию.

ЦОЛЪИ

БЕТІЕРАЙ РЕДАКТОРАЛЪУЛ ИШАЛ ТІУРАЛЕЙ
П.Ш. МухІамадова
тел: 2-22-09
код: 887259

ЖАВАБИЯВ СЕКРЕТАРЬ
П.Гь. Жамалудинова

КОРРЕСПОНДЕНТАЛ
Д.Давудов
ТІ. МухІамадов

РЕДКОЛЛЕГИЯ:
П. ГьитІинова,
М. Гъазалиев,
Ш. Абакаров,
М. ГъазимухІамадов.

НАБОР
М. ГьитІиномухІамадовалъул

ДИЗАЙН - ВЕРСТКА
Марьям ГІисаевалъул

Газета гІуцІарал: Муниципалияб гІуцІи «Шамильский районалъул» администрация

Учредители: Администрация муниципального образования «Шамильский район»

БатІи-батІиял соназда газета къватІибе бачІунеб букІана “Щияб канлъи” ва “БагІараб цІва” абурал цІаразда гьоркь.

Газета хІадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда

Газета кьабуна ДРялъул миллияб политикаялъул, информациялъул ва къватІисел бухьеназул министерствоялъул “ГУП РГЖТ” типографиялда; Петр-I къватІ, 61
Тираж - 1000
Индекс 51368

Газета зарегистрирована Федеральной службой по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций (Управление Роскомнадзора по РД) Регистр. номер ПИ №ТУ05-00440

Графикалда рекъон печаталде кьураб заман 16.00
ХІакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде- кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хІужабазул, цІаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз. Гьединал материалал газеталда рахъула, гьезие общественносталъ къимат кьезелъун.
Нижер электронияб почтаялъул адрес:
gazeta.yedinstvo@mail.ru

Издателасул ва редакциялъул адрес:
РОССИЯ, Республика Дагестан, Шамил район, ХІебда росу
Имам Шамилил къватІ 50